# YeVROPA AWQAMI’ KOMPANIYaLARI’NDA MAMANLI’G’I’N ARTTI’RI’W BAG’DARLAMASI’NA ARZALAR QABI’L YeTILMEKTE

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (54 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (54 KB)

Yevropa Awqami’ ta’repinen qarji’landi’ri’li’p ati’rg’an «Basqari’w kadrlari’n tayarlaw bag’darlamasi’ (MTR) - O’zbekistanda kishi biznes ka’rxanalari’ basshi’lari’ni’n’ potenciali’n artti’ri’w» joybari’ (to’mende Joybar dep ataladi’) O’zbekistan Respublikasi’ Sawda-sanaat palatasi’ menen birlikte Yevropa Awqami’ ka’rxanalari’nda O’zbekistandag’i’ kishi biznes ka’rxanalari’ menedjerlerinin’ mamanli’g’i’n artti’ri’w ushi’n arzalar qabi’l yetetug’i’ni’n ja’riyalaydi’. Mamanli’q artti’ri’w Yevropa Awqami’ni’n’ 28 yelindegi ka’rxanalarda a’melge asi’ri’li’p, wolar wo’z-ara kelisiw tiykari’nda qatnasi’wshi’lar yamasa joybar ta’repinen tan’lani’wi’ mu’mkin.

Joybardi’n’ tiykarg’i’ maqseti O’zbekistanda kishi biznesti na’tiyjeli basqari’w ha’m woni’n’ uzaq keleshektegi turaqli’ rawajlani’wi’n ta’miyinley alatug’i’n maman ha’m potenciali’ joqari’ isbilermenler ja’ne menedjerlerdin’ sani’n ko’beytiwden ibarat. Bul basqi’shta go’zlegen maqsetke Yevropa ka’rxanalari’nda O’zbekistandag’i’ kishi biznes bashi’lari’ni’n’ mamanli’g’i’n artti’ri’w arqali’ yerisiledi.

Basqari’w kadrlari’n tayarlaw bag’darlamasi’ joybari’ni’n’ maqseti wo’zbekstanli’ menedjerlerdin’ basqari’w ko’nlikpelerin artti’ri’w, wolardi’ binesti basqari’w ha’m ju’rgiziwdin’ yevropasha usi’llari’na woqi’ti’w, Yevropa Awqami’ ha’m O’zbekistan kompaniyalari’ arasi’nda birge islesiw baylani’slari’n wornati’wdan ibarat. Barli’q talabanlar mamanli’g’i’n artti’ri’w sapari’na qatnasi’wdan go’zlegen maqsetin ani’q ko’rsetiwi ja’ne bul woni’n’ ha’m ka’rxanasi’ni’n’ rawajlani’wi’na qanday unamli’ ta’sir yetetug’i’ni’n atap ko’rsetiwi kerek.

Joybardi’n’ trening ha’m mamanli’q artti’ri’wlari’na qatnasi’w tan’lang’an qatnasi’wshi’lar ushi’n biypul a’melge asi’ri’ladi’. Transport penen baylani’sli’ barli’q qa’rejetler (aviabilet ushi’n r00 yevro mug’dari’ndag’i’ jeke to’lemnen ti’sqari’), sonday-aq, Yevropa Awqami’ yellerinde wornalasti’ri’w, vizalar, qamsi’zlandi’ri’w joybar qarji’lari’ni’n’ yesabi’nan qaplanadi’.

Barli’q talaplarg’a juwap beretug’i’n kishi biznes ka’rxanalari’ ha’m wolardi’n’ basshi’lari’ – menedjerleri g’ana mamanli’g’i’n artti’ri’w ushi’n arza beriw huqi’qi’na iye.

Kishi biznes ka’rxanalari’ ha’m wolardi’n’ basshi’lari’ – menedjerleri ushi’n talaplar (ha’m kerekli hu’jjetler) ja’ne joybardi’n’ jan’ali’qlari’ toli’g’i’ menen joybardi’n’ veb-sayti’nda www.mtpeu.uz ha’m Facebook sayti’nda https://www.facebook.com/mtpeu ko’rsetilgen.

Talabanlardi’n’ arzalari’ 2015-ji’ldi’n’ 22-iyuline shekem qabi’l yetiledi. Arzani’n’ wonlayn u’lgisi joybardi’n’ veb-sayti’nda jaylasti’ri’lg’an.

Arnawli’ tu’sinik: tan’law procesi gender ten’ligi ma’selesin yesapqa alg’an halda keminde 20 procent hayal talabanlardi’ tan’lap ali’wdi’ na’zerde tutadi’.

**Qosi’msha mag’li’wmatlar ushi’n:**

**Mi’rza Grigorios Kontzoglu, BKTD (MTR) joybari’ni’n’ basli’g’i’**

**Ma’nzil: A’mir Temur ko’shesi, 4,**

**Tashkent qalasi’, 100047**

**Telefon: (99871) 233-59-01**

**Faks: (99871) 233-64-06**

**E-mail: mtp@.mtpeu.uzmtp@**

**Veb-sahifa: www.mtpeu.uz**

Sa'ne: 29.06.2015 12:41, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'